



Pou Piblikasyon Imedya: 01/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON JIJ KI AP PREZIDE NAN DIVIZYON APÈL TRIBINAL SIPRÈM LAN

Yo Te Chwazi Jij Alan Scheinkman ak Elizabeth Garry pou Dirije Dezyèm ak Twazyèm Depatman Jidisyè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nominasyon Onorab Alan D. Scheinkman kòm Jij K'ap Prezide Divizyon Apèl (Appellate Division) pou Dezyèm Depatman Jidisyè an (Second Judicial Department), ak Onorab Elizabeth A. Garry kòm Jij K'ap Prezide Divizyon Apèl pou Twazyèm Depatman Jidisyè an (Third Judicial Department).

Jij K'ap Prezide pou chak Depatman Jidisyè New York yo (New York Judicial Department), non sèlman ap dirije Tribinal Apèl yo (Appellate Court), men tou li responsab pou travay kòm Administratè an Chèf Depatman an, ki ap sipèvize operasyon fonksyon tribinal oksilyè yo, ki enkli Komite sou Estanda Pwofesyonèl yo (Committee on Professional Standards) ak Karaktè ak Espò (Committee on Character and Fitness), Sèvis Legal Ijyèn Legal yo (Mental Hygiene Legal Services) ak Biwo Avoka pou Timoun yo (Office of Attorneys for Children). An plis, kat Jij K'ap Prezide yo, ansanm ak Jij An Chèf lan Janet DiFiore, yo konpoze Komite Administratif Tribinal yo, ki ap elabore politik atravè eta a toupatou nan New York.

“Jiris sa yo ki ekstrèmman kalifye yo ap pote yon richès konesans ak eksperyans nan Tribinal Apèl New York lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen onore pou mwen nonmen jij sa yo nan nouvo wòl yo kote yo pral kontinye aplike prensip lalwa ak jistis yo pou fè New York vanse devan.”

Jij Alan D. Scheinkman

Jij Scheinkman te eli nan Tribinal Siprèm Eta New York lan (New York State Supreme Court) ki nan Nevyèm Distrik Jidisyè an nan ane 2006, epi li t'ap travay kòm Jij Administratif pou Distrik sa depi nan mwa Jwen 2009. Depi eleksyon li nan biwo a, Jij Scheinkman te prezide sou dosye Divizyon Komèsyal yo, Konfiskasyon Ipotèk Rezidansyèl yo, ak Esè Matrimonyal yo, epi tou li te travay kòm yon Jij Asosye nan Peryòd Apèl pou Nevyèm ak Dizyèm Distrik Jidisyè yo. Pandan manda li an kòm Jij Administratif, Jij Scheinkman te efektivman dirije divès akonplisman konsiderab ki enplike modènizasyon etablisman yo, aplikasyon teknoloji, ak jesyon dosye tout pandan yon peryòd ki te gen kontrent bidjetè.

Anvan eleksyon li nan Tribinal Siprèm lan, Jij Scheinkman te gen plis pase de dekad eksperyans antan ke yon avoka ki ap fè pratik, prensipalman nan pratik prive, menm si li te travay antan ke Avoka Konte Westchester soti 1998 rive 2000, epi li te kòmanse ak karyè legal li nan ane 1975 kòm yon Grefye Legal pou Onorab Matthew Jasen, Jij Asosye nan Tribinal Apèl New York lan (New York Court of Appeals). Antan ke yon pratisyen prive, Jij Scheinkman gen eksperyans nan yon seri varyete domèn legal ak yon konsantrasyon sou litij komèsyal ak federal yo. An plis, Jij Scheinkman te travay tou kòm yon Pwofesè Dwa Asosye nan St. John's University School of Law, li se otè epi ko-otè travay ki te fèt sou pratik apèl yo ak Lwa New York, epi li te angaje aktivman nan divès komite Asosiyasyon Bar yo ak Komisyon Atravè Eta yo, ki enkli Komite sou Enstwiksyon Jiri Motif yo (Committee on Pattern Jury Instructions), Konsèy Konsiltatif Divizyon Komèsyal lan (Commercial Division Advisory Council), ak Fòs Entèkansyon Jidisyè sou Konstitisyon Eta a (Judicial Task Force on the State Constitution). Jij Scheinkman te gradye nan George Washington University an 1972 epi li te resevwa diplòm avoka li nan St. John's University an 1975.

Ak chwa li ki te fèt pa Gouvènè an, Jij Scheinkman pral ranplase Onorab Randall Eng, ki ap pran retrèt li, pou sipèvizè Depatman Apèl ki pi gwo epi ki pi okipe nan Eta a. Dezyèm Depatman an gen ladan yon rejyon nan pati sid eta ki gen dis konte ki enkli konte Kings, Queens, ak Richmond, Long Island ak Lower Hudson Valley, epi ki se kote ki gen plis pase mwatye popilasyon Eta a ki abite la a.

Jij Scheinkman te deklare, “Mwen pwofondeman onore epi modès dèske Gouvènè Cuomo te chwazi mwen pou dirije tibinal apèl ki pi okipe nan peyi nou an. Mwen espere travay ansanm ak jij ki devwe epi ki distenge yo ki nan tribinal la pou fè vanse koz ekselans jidisyè an nan Eta nou an”.

Jij Elizabeth A. Garry

Jij Garry te eli nan Tribinal Siprèm Eta New York lan (New York State Supreme Court) nan ane 2006 nan 6yèm Distrik Jidisyè an, epi li te jwenn nominasyon nan Divizyon Apèl, Twazyèm Depatman, an 2009. Anvan eleksyon li nan Tribinal Siprèm lan, Jij Garry te nan pratik prive nan antrepriz Joyce Law Firm lan pandan 13 ane antan ke yon defansè sivil ki ap reprezante kliyan yo atravè rejyon New York Santral la. Li te travay tou kòm Jij Kominal pou Komin New Berlin, ak Abit Konfiskasyon Ipotèk, ak “Avoka pou Timoun yo” nan pwosedi Tribinal Familyal yo. Premye travay li apre ke li te fini nan lekòl dwa a se te kòm Grefye Legal pou Onorab Irad S. Ingraham, nan Tribinal Siprèm Eta New York lan. Li te travay tou kòm Medyatè Volontè ak Sant Rezolisyon Dispit Konte Chenango a, epi kòm Lidè/Fasilitatè Pwogram pou Pwojè Otonomizasyon Fanm yo (Women's Empowerment Project).

Jij Garry te nonmen resamman pa Jij An Chèf DiFiore kòm Ko-Prezidan Komisyon LGBTQ Richard C. Failla a nan Tribinal Eta a. Li te gouvène tou epi li te angaje aktivman nan divès Asosiyasyon Bar yo, komite ki an rapò ak Dwa yo, ak òganizasyon sèvis kominotè yo. Li te fè yon diplòm nan Lisans Èv Atistik an 1984 nan Alfred University ak diplòm Doctè Jiridik li an 1990 nan Albany Law School.

Chwa Jij Garry an pa Gouvènè an fè li vin premye Jij Ki Ap Prezide LGBTQ klèman nan istwa New York. Li vin ranplase Onorable Karen Peters, ki lè li te chwazi pa Gouvènè Cuomo nan pozisyon Jij Ki Ap Prezide an nan ane 2012 te vin tounen premye Jij fanm Ki Ap Prezide nan istwa Twazyèm Depatman an, ki te anglobe ventwit konte ki nan pòsyon Rejyon Lès ak Nò ki nan Rejyon Nò New York, ki anglobe soti mid-Hudson Valley pou rive sou Fwontyè Kanadyèn lan epi ale lwen nan lwès rive nan konte Schuyler ak Chemung ki nan Southern Tier.

Jij Garry te deklare, “Mwen onore anpil pa nominasyon Gouvènè an. Presedan Tribinal sa te gid mwen pandan tout karyè legal mwen. Mwen pral toujou travay di epi fè tout sa mwen kapab pou pote devan gwo tradisyon li an. Mwen espere travay ansanm ak Jij An Chèf nou an ansanm ak kòlèg mwen yo pou kapab asire ke prensip jidisyè eta nou an yo pwogrese nan sèvis moun ki nan Eta nou an”.

Daprè Konsititasyon Eta New York (New York State Constitution) ak Lwa Jidisyè an, Gouvènè a gen otorite pou li nonmen Jij Ki Ap Prezide nan chak Divizyon Apèl yo pami sila yo ki te chwazi kòm Jij nan Tribinal Siprèm lan epi ki ap viv nan Depatman ki aplikab lan. Toulède kandida sa yo te pwopoze pa Komite Siveyans Jidisyè Depatman yo (Department Judicial Screening Committees) pliske yo te kalifye anpil apre yon revizyon minisyè sou tout aplikan ki kalifye yo pou pozisyon yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418